

## BAB V PANUTUP

### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data, panalungtikan ngeunaan média *wordwall* dina pangajaran nulis sisindiran ka siswa VIII-A SMP Negeri 19 Bandung taun ajar 2022/2023, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh nulis sisindiran saméméh ngagunakeun média *wordwall* rata-rata peunteunna nyaéta 49,34 hartina kamampuh siswa kagolong kana katégori kurang pisan. Ieu hal katitén dina peunteun unggal aspék anu masih kurang, nyaéta, 1) Eusi 14,09 tina maksimal 30 kaasup kurang hadé; 2) organisasi 11,09 tina maksimal 20 kaasup sedeng-cukup; 3) kosa kecap 10,94 tina maksimal 20 kaasup sedeng cukup; 4) diksi 9,62 tina maksimal 25 kaasup kurang hadé; 5) éjaan 3,68 tina maksimal 5 kaasup sedeng cukup. Hartina siswa can maham kana wangun jeung larapna sisindiran.

Kamampuh nulis sisindiran sanggeus ngagunakeun média *wordwall* rata-rata peunteunna nyaéta 73,56 hartina kamampuh siswa kagolong kana katégori cukup. Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspékna nyaéta 1) eusi 20,44 tina maksimal 30 kaasup sedeng-cukup; 2) organisasi 16,31 tina maksimal 20 kaasup cukup hade; 3) kandaga kecap 15,59 tina maksimal 20 kaasup cukup hadé; 4) diksi 17,53 tina 25 kaasup sedeng-cukup; 5) éjahan 4,25 tina maksimal 5 kaasup cukup hadé. Hartina siswa geus maham jeung ngawasa kana aturan tulisan, sakapeung aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na.

Dumasar kana hasil panalungtikan, unggal aspék penilaian aya béda anu signifikan sanajan dina aspék eusi ngaronjat jadi anu pangluhurna nyaéta rata-rata *pre-test* 14,09 ngaronjat jadi 20,24 dina rata-rat *post-test*. Dina aspék organisasi rata-rata *pre-test* 11,09 ngaronjat jadi 16,31 dina rata-rata *post-test*. Tuluy aya dina aspék kosa kecap rata-rata *pre-test* 10,94 ngaronjat 15,59 dina rata-rata *post-test*. Lian ti éta, aya ogé aspék diksi rata-rata *pre-test* 9,62 ngaronjat 17,53 dina rata-rata *post-test*. Aya ogé aspék éjaan rata-rata *pre-test* 3,68 ngaronjat 4,25 dina rata-rata *post-test*.

Sacara hasil geus katitén aya bédana antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A di SMP Negeri 19 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *wordwall*. Bédana kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *wordwall* dibuktikeun ngaliwatan uji normalitas jeung uji hipotésis. Dina uji normalitas ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk* nilai data *pre-test* Sig. 0,054 > 0,05 jeung nilai *post-test* 0,075 > 0,05 hartina  $H_0$  ditarima jeung  $H_1$  ditolak. Kulantaran dina uji normalitas kagolong distribusi anu normal tuluy digunakeun uji hipotésis kalawaan métode *Paired Sample T-test* hasilna Sig. 0,000 < 0,05 lamun ditilik tina kritéria  $H_1$  ditarima jeung  $H_0$  ditolak. Hartina, aya béda anu signifikan dina kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP Negeri 19 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *wordwall*. Ku kituna média *wordwall* cocog digunakeun dina pangajaran nulis sisindiran.

## 5.2 Implikasi

Ku ayana média *wordwall* siswa bisa leuwih aktif jeung bisa ngalatih daya pikir kana materi. Ku kituna, média *wordwall* sacara langsung bisa mantuan guru pikeun ngungkulan pasualan pangajaran nulis sisindiran. Ieu média bisa ngamekarkeun ide jeung kreativitas sarta ngawangun sumanget diajar. Lantaran dina prak-prakanana siswa bisa fokus dina diajarna. Média *wordwall* mangrupa média pangajaran dina wangun *games* anu bisa digunakeun ku guru dina kagiatan diajar pikeun ngirut minat jeung pokus siswa nalika lumangsungna kagiatan diajar nulis sisindiran sangkan siswa bisa ngamekarkeun ide jeung numuwuhkeun sumanget diajar. Ieu hal anu ngalantarankeun peunteun siswa jadi leuwih alus sanggeus ngagunakeun média *wordwall*. Bisa dicindekkeun yén média *wordwall* téh méré implikasi anu hadé pikeun pangajaran nulis sisindiran.

## 5.3 Rékomendasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis sisindiran ngagunakeun média *wordwall*, aya sawatara rékomendasi sangkan panalungtikan anu satuluyna bisa leuwih alus sarta aya kamajuan dina prosés diajar jeung ngajar. Rékomendasina saperti ieu di handap.

- 1) Média *wordwall* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran. Ku kituna, média *wordwall* bisa dijadikeun salashiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis sisindiran.
- 2) Dina panalungtikan nulis sisindiran ngagunakeun média *wordwall* aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, diantarana: 1) kudu maham kana léngkah-léngkah média *wordwall*; 2) ngararancang pangajaran kalawan waktu nu loba, luyu jeung tujuan, bener, sarta sistematis; 3) kudu bisa nyiptakeun kaayaan anu kondusif, positif, jeung sumanget sangkan bisa ngirut siswa; sarta 4) kudu bisa ngokolakeun waktu kalawan éféktif.
- 3) Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep média *wordwall* dina pangajaran nulis sisindiran atawa pangajaran séjénna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun yén hasil pangajaran nulis leuwih alus kalawan maké média pangajaran, husuna média pangajaran *wordwall*,